МКОУ «Дунялалъул маданият гимназия»

# КВН

# Авар мац1 ва адабият



Х1адурана:

Мирзабегова Г1аишат

Магомедаминовна

Гуни

**КВН – 6 классазда гьоркьоб.**

**Мурад:** Лъималазул рокьи бижизаби рах1дал мац1алде, гьеб бокьизаби ва лъималазул дагьабги г1акълу камил гьаби.

**Учителасул цебераг1и:** Лъимал, жакъа нилъ данделъун руго аваданал къецазде. Исана соналдаса бахъараб сентябрь моц1 нилъер школалда рик1к1уна авар мац1алъул ва адабияталъул моц1лъун, щай гурелъул гьеб моц1алъ гьавун вуго нилъер ц1ар раг1арав шаг1ир Расул Х1амзатов, ва гьединго «Хъах1ал къункърабазул моц1лъунги рик1к1уна гьаб моц1. Нилъецаги лъимал гьанжеялдаса нахъе нилъерго рах1дал мац1алъул моц1 т1обит1тизе буго сентябралда. Жакъасеб данделъи нилъеца т1обит1изе буго авданал къецаздалъун. Рач1а, лъимал нилъеца байбихьизин.

1. **Приветствие.(командаялде ц1ар ва ах1и).**
2. **Цого х1алалда цере нахъе ц1алулел раг1аби лъазе, масала: гомог (2 минут)**
3. **Дун лъай (бералги рухьун, ящикалъуса лъималаз рахъизе руго бат1и- бат1иял предметал. Бицине ккола ц1ар ва абизе ккола каламалъул бут1а).**
4. **Схемаялда рекъон предложениял г1уц1изе**

**(командаялъ цадахъ).**

Нижеца тукадаса ц1иял къалмал, ручкаби ва тетрадал росана.

Инсуца дие маг1ардаса кьег1ер бач1ана. **(г1ечалда жаниб бахчила).**

**5. Синонимал ва антонимал хъвазе.**

| | |
|---|---|
| Адаб- | гьудул- |
| Аслу- | къо- |
| Гурх1ел- | г1ебаб- |
| Инсан- | г1агарда- |
| Лага- | суал- |
| Гьалмагъ- | зоб- |
| Бах1арчи- | рогьине- |
| Луг1ел- | бечедаб- |

**6. Раг1абазул маг1на бицине.**

**7. Литератураялде сапар**

- Т1атинч1еб дандекквей, цо предметалъе хасиятаб г1аламатал цогиялде г1унт1изари ккола **метафора**
- Коч1ол калам пасих1лъизе ва бицунеб жоялдехун авторасул бугеб бербалагьи загьирлъизе х1алт1изарулел гвангъарал сипатиял раг1аби ккола **эпитетал.**
- мац1ихъанлъи, бугьтан лъей какула бугеб асар – **Муг1рузул Г1али.**
- Щиб асаралъул герой кколев **Мук1уч1ихан**

**8. Предложениязул членазе баян кьезе.**

## 9. <u>Капитаназул къец.</u>

- Гьаб моц1 ккола (рамазан)
- Жинца предложениялда жаниб иш гьабулеб бет1ераб член (подлежащее).
- Бахчараб дандекквей (метафора).
- Дуда ц1ар (?)
- Циги, церги, бац1ги ккола ( къайицадахъал).
- Азбар – къоно кин хъвалеб (гьоркьоб дефис лъун).
- Мац1 сабаблъун, жиндирго лъади ч1варав чиясда ц1ар (Г1али).
- Радал рахъун ккола (к1ал).
- Геминатал ккола ( к1ирекъарал х1арпал).

- Халкъияб к1алзул гьунар, цо раг1удалъун (фольклор).
- Вач1ана- каламалъул бут1а (глагол).
- Лъималазул журналалде ц1ар (лачен).
- Дадаца чу босана – предложениялда жаниб щиб член (б. дополнение)
- Ралъдал чу т1оцебе ханасда киб бихьараб (макьилъ).
- Шахламаз ккола (бецай устар)
- Расул Х1амзатовасул исана чан сон т1убай гьабулеб бугеб (85).
- Дица раг1мач бац1ц1ана- бате диалект (раг1мач- ц1ıараг1).
- Инсуца – каламалъул бут1а (предметияб ц1ар).

**10 КВН х1асилал гьари (сайгъатал кьей).**